

## ABDIAS

<sup>1</sup> Vizyon Abdias la. Konsa pale Senyè BONDYE a konsènan Édom. Nou te tandé yon rapò soti nan SENYÈ a, yon <sup>☆</sup>mesaje te voye pamì nasyon yo. Li t ap di: <sup>☆</sup>“Leve, annou ale goumen kont li”—

<sup>2</sup> Gade byen, Mwen va fè ou <sup>☆</sup> vin piti pamì nasyon yo. Ou vin meprize anpil.

<sup>3</sup> <sup>☆</sup>Awogans a kè nou te twonpe nou, nou menm ki rete nan falèz wòch yo, nan wotè a abitasyon nou, ki di nan kè nou: “Se kilès ki ka rale m rive atè?”

<sup>4</sup> “Menmsi nou <sup>☆</sup>bati anlè tankou èg, menmsi nou mete nich nou pamì <sup>☆</sup>zetwal yo, mwen va rale nou fè nou desann soti la,” deklare SENYÈ a.

<sup>5</sup> Si <sup>☆</sup>vòlè te vin kote nou, vòlè nan lannwit yo—o ala devaste nou va vin devaste— èske yo pa t ap vòlè sèlman pou yo ta jwenn ase? Si ranmasè rezen yo te rive kote nou <sup>☆</sup>èske yo pa t ap kite kèk ti rès?

<sup>6</sup> Ala depouye Ésaü va vin <sup>☆</sup>depouye! Ala fouye yo va fouye trezò kache li yo!

<sup>7</sup> Tout <sup>☆</sup>sila ki fè alyans avèk nou yo va voye nou kote fwontyè a. Sila ki anpè ak nou yo te twonpe nou, e yo déjà genyen nou. Zanmi ki manje <sup>☆</sup>pen nou yo ap fè pèlen pou nou.

---

<sup>☆</sup> **1:1** És 18:2    <sup>☆</sup> **1:1** Jr 6:4,5    <sup>☆</sup> **1:2** Nonb 24:18    <sup>☆</sup> **1:3** És 16:6

<sup>☆</sup> **1:4** Job 20:6,7    <sup>☆</sup> **1:4** És 14:12-15    <sup>☆</sup> **1:5** Jr 49:9    <sup>☆</sup> **1:5** Det 24:21    <sup>☆</sup> **1:6** Jr 49:10    <sup>☆</sup> **1:7** Jr 30:14    <sup>☆</sup> **1:7** Sòm 41:9

Nanpwen bon konprann nan li.

**8** Èske Mwen p ap nan jou sa a, deklare SENYÈ a; **◊**“Detwi mesye saj Édom yo, e retire bon konprann ki soti sou mòn Ésaü a?

**9** Answit, mesye pwisan nou yo va vin enkyete, O **◊**Théman, jis tout kapab koupe retire nèt de mòn Ésaü ak gwo masak.

**10** Akoz **◊**vyolans anvè frè nou Jacob, nou va vin kouvri ak wont, e nou va vin koupe retire nèt jis pou tout tan.

**11** Nan jou ke nou te kanpe a distans, nan jou ke etranje yo te bwote tout byen li, lòt nasyon yo te antre nan pòtay li, e te fè tiraj osò pou Jérusalem —nou menm tou te sanble ak yo.**◊**

**12** Pa vin rejwi ou nan jou malè frè ou a, ni pa rejwi ou sou fis a Juda yo nan jou destriksyon yo a. Pa anfle ou menm nan jou malè yo.**◊**

**13** Pa antre nan pòtay pèp Mwen an nan **◊**jou malè yo. Ni pa rejwi ou de gwo dega nan jou malè yo. Pa **◊**piyaje byen yo nan jou malè yo.

**14** Pa **◊**kanpe nan kafou chemen pou touye sila k ap sove ale sòti nan yo. Epi pa livre a lènmi sila ki chape nan jou malè yo.

**15** Paske **◊**jou SENYÈ a ap rapwoche sou tout nasyon yo! Jan ou te fè a, se konsa yo va fè ou.

**16** Paske menm jan ou te **◊**bwè sou mòn sen Mwen an, Konsa tout nasyon yo va bwè tout tan.

**◊ 1:8** Job 5:12-14    **◊ 1:9** Jen 36:11    **◊ 1:10** Jen 27:41; Éz 35:9

**◊ 1:11** Sòm 83:5,6; Éz 35:10    **◊ 1:12** És 13:10; Mi 4:11    **◊ 1:13** Éz 35:5    **◊ 1:13** Éz 36:2,3    **◊ 1:14** És 16:3,4    **◊ 1:15** Éz 30:3

**◊ 1:16** Jr 49:12

Yo va bwè, yo va vale, l ap vin konsi yo pa t janm te la.

<sup>17</sup> Men sou mòn **Sion**, va genyen sila ki chape yo, e mòn sa va sen. Epi lakay Jacob va posede posesyon yo.

<sup>18</sup> Answit, lakay Jacob va vin yon dife, e lakay Joseph va vin yon flanm; men lakay Ésaü va vin kon pay. Konsa, yo va limen dife sou yo pou brile yo nèt pou **pa** gen ki rete lakay Ésaü ankò," paske SENYÈ a fin pale.

<sup>19</sup> Moun Negev la va vin **posede** mòn a Ésaü ak sila a Schfela yo, gwo plèn Philistie a. Yo va posede teritwa Éphraïm, teritwa Samarie, e Benjamin va vin posede Galaad, tou.

<sup>20</sup> Epi egzile a lame fis Israël sa a, ki pamí Kananeyen yo, va posede jis rive **Sarepta**, e egzile Jérusalem ki Sepharad yo va vin posede **vil** Negev yo.

<sup>21</sup> **Liberatè** yo va monte Mòn Sion pou jije mòn Ésaü a e wayòm nan va vin pou a SENYÈ a.

---

<sup>☆</sup> **1:17** És 4:2,3; És 14:1,2    <sup>☆</sup> **1:18** Jr 11:23    <sup>☆</sup> **1:19** És 11:14  
<sup>☆</sup> **1:20** I Wa 17:9    <sup>☆</sup> **1:20** Jr 32:44    <sup>☆</sup> **1:21** Né 9:27

## Bib Sen An

### The Holy Bible in Haitian Creole, 2023 update

copyright © 2017-2023 Ron Smith

Language: Kreyòl Ayisyen (Haitian)

Translation by: Ron Smith

Contributor: Felix Nixon

This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution Share-Alike license 4.0.

You have permission to share and redistribute this Bible translation in any format and to make reasonable revisions and adaptations of this translation, provided that:

You include the above copyright and source information.

If you make any changes to the text, you must indicate that you did so in a way that makes it clear that the original licensor is not necessarily endorsing your changes.

If you redistribute this text, you must distribute your contributions under the same license as the original.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

Note that in addition to the rules above, revising and adapting God's Word involves a great responsibility to be true to God's Word. See Revelation 22:18-19.

2025-04-09

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 15 May 2025 from source files dated 15 May 2025

10d5899e-31c7-5009-983b-ffc4788d2e5b